

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN


3.1 Desain Panalungtikan

Saméméh ngajéntrékeun ngeunaan desain panalungtikan, dijéntrékeun heula pamarekan jeung métode anu digunakeun dina ieu panalungtikan. Pamarekan anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta pamarekan kualitatif anu ngagunakeun métode déskriptif.

Anu disebut pamarekan kualitatif nya éta hiji prosés panalungtikan pikeun maham masalah sosial atawa masalah manusia dumasar kana *penciptaan* gambar holistik nu diwangun ku kekecapan, ngalaporkeun sawangan informan sacara rinci jeung disusun dina hiji latar ilmiah (Creswell dina Patilima, 2011, kc. 3). Sakumaha anu dijéntrékeun di luhur, pamarekan kualitatif digunakeun pikeun nalungtik masalah anu pakait jeung sakabéh aspék dina kahirupan sosial.

Kecap déskriptif asal kecapna tina basa inggris *to describe* nu hartina ngajelaskeun hiji hal, misalna kaayaan, kajadian, kagiatan atawa hal séjén, anu hasilna dijelaskeun dina wangu laporan (Arikunto, 2013, kc. 3). Tujuan ngagunakeun métode dékriptif téh nya éta pikeun ngaidéntifikasi struktur rumpaka lagu pop Sunda karya Doel Sumbang, jeung ngadéskripsikeun ajén sosial anu aya dina rumpaka lagu pop Sunda karya Doel Sumbang.

Desain panalungtikan mangrupa rancang anu digunakeun ku panalungtik pikeun meunangkeun data anu rék ditalungtik. Desain panalungtikan miboga tujuan pikeun ngagambarkeun léngkah-léngkah dina ngalaksanakeun panalungtikan. Ti mimiti ngaidéntifikasi masalah, ngawatesanan tur ngarumuskeun masalah, studi pustaka/talaah pustaka kana rumpaka lagu pop Sunda karya Doel Sumbang, jeung sumber pustaka lianna nu ngarojong kana panalungtikan, ngumpulkeun data, ngolah data hasil panalungtikan, sarta anu pamungkas nyieun kacindekan tina hasil panalungtikan. Sangkan leuwih jéntré, desain ieu panalungtikan baris digambarkeun dina bagan ieu di handap.



Bagan 3.1
Desain Panalungtikan

3.2 Sumber Data Panalungtikan

Sumber data nya éta subjék timana data bisa dicokot atawa subjék timana asal meunangna data (Arikunto, 2013, kc. 172). Sumber data dina ieu panalungtikan

nya éta rumpaka lagu pop Sunda dina album Doel Sumbang. Aya salapan judul album Doel Sumbang nu ditalungtik, sedengkeun jumlah rumpaka lagu anu dipilih atawa anu dijadikeun sampel ku panalungtik aya salapan. Tina salapan album, unggal album dicokot sajudul anu eusina ngeunaan ajén sosial. Judul-judulna nya éta: (1) *Béja ti Jurig*; (2) *Berenyit*; (3) *Éma (Édanna manusa)*; (4) *Jawara Banci*; (5) *Jurig Buntut*; (6) *Nyi Mas Kunti*; (7) *Polisi Noban*; (8) *Runtah*; jeung (9) *Dinding Kiripit*. Sangkan leuwih jéntré, sumber data ieu panalungtikan digambarkeun dina tabél ieu di handap.

TabéI 3.1
Data Nomer Urut Lagu

No.	Kode Kawih	Judul Kawih	Keterangan
1.	01.xx	<i>Béja ti Jurig</i>	Dianalisis
2.	02.xx	<i>Berenyit</i>	Dianalisis
3.	03.xx	<i>Éma</i>	Dianalisis
4.	04.xx	<i>Jawara Banci</i>	Dianalisis
5.	05.xx	<i>Jurig Buntut</i>	Dianalisis
6.	06.xx	<i>Nyi Mas Kunti</i>	Dianalisis
7.	07.xx	<i>Polisi Noban</i>	Dianalisis
8.	08.xx	<i>Runtah</i>	Dianalisis
9.	09.xx	<i>Dinding Kiripit</i>	Dianalisis

Keterangan:

Conto kode : 01.04

01 : Nomer urut kawih kahiji (*Béja ti Jurig*)

04 : Padalisan kaopat

3.3 Ngumpulkeun Data

3.3.1 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nya éta salah sahiji alat anu digunakeun pikeun milah-milah data anu dibutuhkeun, ieu hal luyu jeung pamanggih Arikunto (2013, kc. 192), anu nétélakeun yén instrumén nya éta alat bantu pikeun panalungtik dina kgiatan ngumpulkeun data. Instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta kartu data, nu gunana pikeun ngumpulkeun jeung mindahkeun data anu

geus aya sangkan gampang dina prosés nganalisis datana. kartu datana baris digambankeun dina tabél ieu di handap.

Tabél 3.2
Kartu Data
Format Tabél Analisis Struktur

No.	Kode	Objék Analisis	Interprétasi

Tabél 3.3
Kartu Data
Format Tabél Analisis Ajén Sosial

No.	Kode	Objék Analisis	Interprétasi

3.3.2 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nya éta téhnik talaah pustaka. Talaah pustaka dilakukeun pikeun meunangkeun sababaraha informasi nu dibutuhkeun dina raraga ngahontal udagan ieu panalungtikan. Talaah pustaka nya éta téhnik ngumpulkeun data nu mangrupa sumber tinulis pikeun néangan tur nangtukeun tatapakan tioritis anu aya patalina jeung objék panalungtikan. Objék dina ieu panalungtikan nya éta rumpaka lagu pop Sunda karya Doel Sumbang. Léngkah-léngkah ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nya éta ieu di handap.

- 1) Nyetél MP3 kawih karya Doel Sumbang.
- 2) Ngupingkeun kawih bari ditranskripsi.
- 3) Nyirian atawa méré tanda bagian-bagian rumpaka kawih anu patali jeung panalungtikan.
- 4) Nyalin kana kartu data.

3.3.3 Téhnik Ngolah Data

Téhnik ngolah data dina ieu panalungtikan nya éta téhnik analisis. Ngaliwatan ieu téhnik, dipiharep analisis struktur jeung ajén sosial dina rumpaka lagu Pop Sunda karya Doel Sumbang bisa dideskripsikeun kalayan jéntré. Data anu dikumpulkeun dina ieu panalungtikan satulunya dianalisis dumasar kana léngkah-léngkah ieu di handap.

- 1) Nganalisis struktur rumpaka lagu pop Sunda karya Doel Sumbang.
- 2) Ngainterprétasi data hasil analisis struktur.
- 3) Nganalisis ajén sosial anu aya dina rumpaka lagu pop Sunda karya Doel Sumbang.
- 4) Ngainterprétasi data hasil analisis ajén sosial.
- 5) Nyieun kacindekan ngeunaan hasil analisis struktur jeung ajén sosial.